

Kisa CDPAP ye?

CDPAP se yon pwogram Medicaid ki ede konsomatè ki gen andikap, maladi kwonik, oswa lòt pwoblèm sante alontèm, chwazi epi anboche asistan pèsonèl yo chwazi pou swen lakay yo.


Asistan pèsonèl yo ka gen ladan zanmi oswa manm fanmi, men se pa mari oswa madanm, reprezantan ki deziyen, oswa paran moun ki pokò gen 21 ane. Sèvis CDPAP kouvri yo gen ladan nenpòt swen yon asistan swen pèsonèl, yon asistan lakay ou, yon asistan sante nan kay oswa yon enfimyè bay nòmalman.

Kiyès ki kalifye pou CDPAP?

Pou ou kalifye pou CDPAP, ou dwe yon manm Medicaid nan New York. Pou plis enfòmasyon, kontakte Òganizasyon Swen Kontwole w la oswa Depatman Sèvis Sosyal Lokal la, oswa ale sou sitwèb Depatman Sante Eta New York la sou health.ny.gov/health_care/medicaid/program/longterm/cdpap.

Kontakte PPL Jodi a pou ou aprann plis sou CDPAP

- 🌐 pplfirst.com/cdpap
- 📞 833-247-5346 (Prensipal)
- 📞 833-279-3513 (Kreyòl Ayisyen)
- ✉️ NYCDPAP@pplfirst.com



Èske W nan Pwogram Asistans Pèsonèl Konsomatè Jere Eta New York la (CDPAP)?

Si se sa a, ou dwe fè tranzisyon pou ou ale nan nouvo entèmedyè fiskal eta a, Public Partnerships LLC (PPL), anvan 28 mas 2025.

Pa enkyete w — pa gen anyen ki chanje nan kalifikasyon w pou CDPAP oswa sèvis ou resevwa nan pwogram nan.



Kilès ki Public Partnerships LLC a (PPL)?

PPL se pi gwo entèmedyè fiskal nan peyi a pou ede konsomatè yo nan jesyon. Nou sèvi 50 pwogram nan 20 eta epi nou gen plis pase 25 ane eksperyans. Nan ane 2025 lan, Depatman Sante eta a te fè yon kontra avèk PPL pou l vin entèmedyè fiskal nan tout eta New York pou CDPAP.



Fason pou Ou Fè Tranzisyon pou Ou Ale nan PPL

Konsomatè yo ak asistan pèsonèl yo gen plizyè opsyon pou fè tranzisyon pou yo ale nan PPL. Chwazi sa a ki pi bon pou ou a.

- Rele sant sipò kliyan PPL la nan nimewo **833-247-5346**
- Konplete pwoesisis la atravè sistèm sou entènèt PPL@Home nou an
 - Jwenn aksè ak lyen an sou pplfirst.com/cdpap
- Patisipe nan yon seyans enskripsyon vityèl oswa an pèsòn
 - Gade pwochen dat yo sou pplfirst.com/cdpap-resources-events
- Fè tranzisyon pou al jwenn yon fasilitatè CDPAP ki apwouve
 - Gade lis la sou pplfirst.com/cdpap-facilitators

Si W Bezwèn Èd, PPL Ka Ede W

Pou ou jwenn konsèy pou ou ranpli fòm tranzisyon CDPAP yo, oswa pou ou jwenn repons pou kesyon ou yo, ale sou pplfirst.com/cdpap oswa kontakte PPL nan nimewo oswa adrès imel ki anba a:

- ☎ 833-247-5346 (Prensipal)
- ☎ 833-279-3513 (Kreyòl Ayisyen)
- 📩 NYCDPAP@pplfirst.com

